



Pou Piblikasyon Imedya: 30/09/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE GAYAN 4YÈM FAZ KONPETISYON AKSELERATÈ LUMINATE NY LA

Yo te bay PreAct Technologies gwo onè ak 1 milyon dola investisman; Kat lòt konpayi sekirize investisman pou finansman k ap vini

N ap Resevwa aplikasyon aktyalman pou 5yèm faz konkou optik, fotonik ak imajri a jiska 10 janvye 2022

Investisman Eta New York la ap Konplemante Inisyativ "Finger Lakes Forward" lan – ki se Estrateji Global Rejyon an pou Revitalize Kominote yo ak Devlope Ekonomi an

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke PreAct Technologies se gayan 4yèm Faz konpetisyon akseleratè antrepriz k ap demare nan domèn optik, fotonik ak imajri Luminare NY la. Konpayi PreAct Technologies ki baze nan Portland, Oregon te resevwa pri "Konpayi Ane a" nan Final konpetisyon Luminare 2021 an, ki te fèt vityèlman epi patwone pa Optics ansyen The Optical Society. Konpayi an pral resevwa 1 milyon dola kòm investisman nan men Eta New York gras a Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò (Upstate Revitalization Initiative, URI) Finger Lakes Forward la. Jan prim lan egzije l la, tout gayan konpetisyon an ap angaje pou etabli operasyon yo na Rochester pandan omwen 18 pwochen mwa yo. PreAct Technologies prevwa etabli fabrikasyon an nan Eta New York.

[Luminare NY](#), ke [NextCorps](#) ap jere, se pi gwo akseleratè biznis pou konpayi k ap emèje ki genyen teknoloji optik, fotonik, ak imajri (optics, photonics, and imaging, OPI).

"Investisman Luminare NY yo reflekte angajman nou pou kenbe distenksyon New York kòm lidè mondyal nan optik, fotonik ak imajri", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Eta nou an se yon lidè nasyonal nan peyi a pou komèsyalizasyon pwopriyete entelektyèl nan OPI, epi konpayi gayan sa yo ap kontribye pi plis nan kwasans sektè OPI Finger Lakes la epi fè ekonomi rejyon an vanse pou pi devan."

[PreAct Technologies](#) vize konble eka ant sistèm antikolizyon yo ak teknoloji sekirite aktif la. Detektè TrueSense li yo rann li posib pou elwanye chèz machin yo, deplwaye èbèg pi bonè, epi leve sispansyon machin nan anvan aksidan fèt pou diminye blese ak lanmò anpil. Sistèm nan ap pèmèt tou pou ranplase tout detektè ki gen limit kout

tankou rada, ultrason, ak kamera — yon mache 30 milya dola pa ane — ke yo itilize pou fonksyonalite ADAS, konduit otomatik ak fonksyonalite adapte yo.

PDG PreAct Technologies, Paul Drysch te deklare, "Luminate te ekspoze nou ak benefis pou enstale nan NY, anplis li ede nou rekrute talan nan enjenyeri optik, ak fotonik, jwenn konpayi lokal ki ta ka pwodui kamera inik nou yo, epi ede nou tou pou rafine operasyon biznis nou atravè konsèy la. Mwen pa ka imajine yon pi mon pwogram akseleratè."

Yo te bay [Andluca Technologies](#) ki baze nan Princeton, NJ, Pri Diplome Eksepsyonèl (Outstanding Graduate) la ak investisman 400,000 dola. Sistèm vit san fil li a—ki itilize teknoloji solè transparan pou konvèti reyon ultravyolè (UV) nan fason selektif epi efikas an elektrisite—ka diminye enèji ki itilize jiska 40% pandan l ap amelyore konfò moun ki ladan l lan ak pwodiktivite a anpil. De konpayi Massachusetts, [Mesodyne](#) (Somerville, MA) ak [DynoCardia](#) (Cambridge, MA) te sekirize Prim Diplome Distenge yo ak 250,000 yo chak. Mesodyne ap devlope yon nouvo kalite jeneratris ki konvètigaz an elektrisite atravè limyè a. Jeneratris la silansye san pati k ap bouje, fonksyone ak nenpòt gaz epi li gen 10 fwa dansite enèji batri ion lityòm yo. DynoCardia's ViTrack premye teknoloji braslè, san manch ki ofri mezi dirèk, batman pa batman ak presizyon liy andedan atè yo. Reyalizasyon Onorab ak 200,000 dola finansman an ale nan [Owl Autonomous Imaging](#) Rochester, New York. Ranger tèmik 3D ki gen patant li a bay imajri tèmik HD ki gen gam presizyon, ki reprezante yon amelyorasyon 200x nan rezolisyon ak dansite nyaj sou LiDAR.

Yo te prezante investisman jodi a yo apre yon panèl jij ki fè pati endistri OPI la ak kominote kapital-risk la te bay konpayi k ap patisipe yo nòt ki baze sou prezantasyon biznis yo. Plis pase 500 patisipan ki te gen nan evènman vityèl la te gen opòtinite tou pou yo vote pou konpayi yo pi renmen an. Yo te bay Chwa Odyans lan 10,000 dola ki te ale nan Layer Metrics, Inc. Layer Metric ap pèmèt yon fabrikasyon aditif metal fyab lè li sètifye entegrite pyès, kouch-pa-kouch, pandan konstriksyon an.

PDG Layer Metrics, Inc., Clare Murphy te deklare, "Luminate te ede nou etabli sinèji ak ekosistèm lokal la, gen aksè nan enjenyeri ak sipò devlopman, idantifye anboch kle yo, konekte ak estrateji, genyen teren sou mache a, epi jenere revni."

Depi kreyasyon li, Luminate NY te investi 12.4 milyon dola nan 41 jèn konpayi. Konpayi yo nan pòtfèy la pataje kounye a yon valè nèt ki se plis pase 350 milyon dola. Anplis sa bay yon retou sou investiman ki estime a 1.5 a 2 fwa, anpil konpayi ap etabli operasyon oswa kèk aspè nan rechèch ak fabrikasyon Ameriken yo nan rejyon Rochester, ki te abouti sou 150 djòb (100 tan konplè ak 20 pozisyon sou kontra), avèk yon lòt 120 ke yo pwojete nan pa lontan nan de konpayi.

Direktè Jeneral Luminate NY, Doktè Sujatha Ramanujan, te deklare, "Luminate NY ap pote konpayi toupatou nan lemonn nan Rejyon Finger Lakes pou yo ka antre nan resous rich nou genyen ki disponib pou fè biznis ak teknoloji yo avanse. Ekosistèm sa

sipòte dezi yo pou etabli yon prezans Etazini ak objektif yo pou vin jwè mondyal nan sektè yo skvi yo."

Akseleratè Luminare NY la baze nan Rochester epi chwazi dis konpayi pwometè chak ane pou patisipe nan pwogram sis mwa li a. Pandan moman sa a, konpayi yo bay fòmasyon konplè ak resous pou fè avanse teknoloji ak biznis yo. N ap aksepte aktyèlman aplikasyon pou 5yèm Faz la rive 10 janvye 2022. Akòz difikilte COVID-19 lakòz yo, Luminare te ajiste kondisyon patisipasyon li yo. Ekip yo ki kapab sitiye fizikman nan Rochester pandan pwogram sis mwa a pral resevwa finansman 100,000 dola lè pwogram lan kòmanse nan mwa avril 2022. Ekip yo ki pa kapab sitiye nan Rochester akòz restriksyon pou vwayaje ak Visa pral resevwa finansman 50,000 dola lè pwogram lan kòmanse ak 50,000 dola anplis ki dwe itilize pou mobilize resous nan rejyon Finger Lakes yo pandan moman yo nan akseleratè a.

Gayan ane pase a, SunDensity, te angaje pou etabli fabrikasyon pilòt, wot teknoloji li a nan Rochester, ke yo te prevwa ki t ap kreye 60 djòb.

Direktè Operasyon ak Komisè Egzekitif Adjwen Empire State Development (ESD) a, Kevin Younis te deklare, "Konpetisyon inovan Luminare NY la ak estrateji investisman yo ranfòse lidèchip mondyal Eta New York nan sektè optik, fotonik ak imajri a — an pati gras ak opòtinite fantastik ki kreye pou antreprenè minorite ak fanm yo nan sektè wot teknoloji a. Felisitasyon pou PreAct Technologies, ki genyen 4yèm faz la epi nou enpasyon pou wè enpak ke konpayi prevwayan sa yo ap kontinye genyen sou sant OPI k ap grandi nan rejyon Finger Lakes la."

Senatè Eta a Jeremy Cooney te deklare, "Rochester ap kontinye yon lidè nan optik, fotonik, ak imajri gras ak angajman rejyon nou an nan Gouvènè Hochul ak pwogram tankou konpetisyon akseleratè antrepriz k ap demare Luminare NY. Envesman nan rejyon nou an ap ankouraje inovasyon epi ap mennen nou pi lwen nan devlopman ekonomik. Nou kontan pou akeyi PreAct Technologies nan kominote nou an epi nou pa ka tann siksè alontèm yo."

Manm Asanble Eta a, Harry Bronson, te deklare, "Felisitasyon pou gayan Pri Liminè (Lighting) 4yèm Faz Luminare New York la. Mwen konnen gayan jodi a ak espri antreprenarya yo ap kreye pwojè k ap bay djòb alavni ak kwasans ekonomik pou eta ak peyi nou an. Prim sa ede pote yon avni ki pi briyan pou fanmi nou yo."

Chèf Egzekitif Konte Monroe a Adam Bello te deklare, "Inisyativ Luminare NY la ensite kwasans ki enpòtan nan sektè optik, fotonik ak imajri yo. 4yèm faz ganyan yo anonse jodi a se plis prè ke Konte Monroe sou wout pou l vin yon lidè mondyal nan pwodui ekleraj ak sektè sèvis yo. Mwen remèsye Gouvènè Hochul ak Empire State Development poutèt yo envesti nan potansyalite rejyon nou an epi mwen felisite Technologies, Andluca Technologies, Mesodyne, DynoCardia ak Owl Autonomous Imaging."

PDG Optica Elizabeth Rogan te deklare, "Nou kontan pou patisipe nan Konpetisyon Final Luminare NY antanke yon esponsò. Se yon pwogram vital pou kominote optik ak fotonik la, epi sipòte inovasyon nan OPI se yon priyorite kle pou Optica."

Pou jwenn plis enfòmasyon sou Luminare NY, ale sou Luminare.org.

Pou plis enfòmasyon sou NextCorps, vizite NextCorps.org.

Akselerasyon pwogram Finger Lakes Forward

Anons jodi a vin konplete pwogram "Finger Lakes Forward", ki se plan konplè rejyon an pou jenere kwasans ekonomik djanm ak devlopman kominotè. Kounye a, rejyon an ap akselere Finger Lakes Forward gras ak yon investisman 500 milyon dola Eta a ap fè nan kad Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò Eta a, Gouvènè Cuomo te anonse nan mwa desanm 2015 lan. Investisman 500 milyon dola Eta a pral ensite biznis prive yo investi plis pase 2.5 milya dola – epi plan rejyon an, jan yo soumèt li a, prevwa jiska 8,200 nouvo djòb. Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

Enfòmasyon sou Empire State Development

Empire State Development (ESD) se ajans devlopman ekonomik prensipal New York. Misyon ESD se pou pwomouvwa yon ekonomi ki djanm ak pwospè, ankouraje kreyasyon nouvo travay ak opòtinite ekonomik, ogmante resèt pou Eta a ak minisipalite li yo, epi fè ekonomi lokal yo vin estab ak divèsifye. Gras a itilizasyon prè, sibvansyon, kredi taks ak lòt fòm asistans finansye yo, ESD ap fè efò pou amelyore investisman biznis prive ak kwasans pou sipòte kreyasyon travay epi sipòte kominote pwospè yo toupatou nan Eta New York. ESD se egalman ajans administratif prensipal k ap kontwole Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal (Regional Economic Development Councils) Eta New York la ak komèsyalizasyon "I LOVE NY", mak touris anblematik Eta a. Pou jwenn plis enfòmasyon sou Konsèy Rejyonal yo ak Empire State Development, tanpri ale sou Entènèt nan sitwèb <https://regionalcouncils.ny.gov>.

###

Lèt nouvel disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)